



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEKRÈ EGZEKITIF KI PWOLONJE MORATWA SOU EKSPILSYON KOMÈSYAL KI GEN RAPÒ AK COVID JISKA 20 OKTÒB

Eta New York kontinye pwoteje lokatè rezidansyèl ak komèsyal yo kont ekspilasyon ak frè lwaye anreta pandan pandemi COVID-19 la

Li Dekrè Egzekitif Gouvènè a [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon Dekrè Egzekitif ki pwolonje pou yon mwa siplemantè moratwa eta a sou ekspilasyon ak sezi komèsyal ki gen rapò ak COVID, jiska 20 oktòb. Mezi sa pwolonje pwoteksyon ki deja anplas pou lokatè komèsyal yo ak moun ki gen ipotèk an rekonesans ak kou finansye ke pandemi an enpoze pwopriyetè antrepriz yo, ki gen ladan etablisman vant an detay ak restoran. Pwolongasyon pwoteksyon sa a bay lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo tan anplis pou tounen sou pye yo epi ratrape lwaye yo oswa renegosye kondisyon lwaye yo pou evite pwosedi ekspilasyon yo kontinye.

"Pandemi an lwen pou l fini, e nou bezwen kontinye pwoteje pwopriyetè biznis k ap sipòte fanmi yo nan mitan restriksyon ki nesese pou pwoteje sante piblik la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se poutèt sa se bon desizyon an pou pwolonje entèdiksyon ekspilasyon pou lokatè komèsyal yo pou yon lòt 30 jou."

Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou ekspilasyon rezidansyèl ak komèsyal nan dat 20 mas pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Ekspilasyon komèsyal ak moratwa sou ekspilasyon an te pwolonje jiska 20 out epi apre jiska 20 septanm pa Dekrè Egzekitif, e Gouvènè a te siyen Lwa sou Espas Sekirite Lokatè a (Tenant Safe Harbor Act) nan dat 30 jwen ki te vin anvigè imedyatman ak lòt lejislasyon pou bay èd finansye pou lokatè rezidansyèl ak pwopriyetè yo ki te pwolonje moratwa a pou lokatè yo jiskaske ljan lan ekspire. Gouvènè Cuomo te bay pwoteksyon anplis tou pou lokatè rezidansyèl yo kont chaj pou reta nan peman lwaye epi otorize lokatè yo pou itilize depo garanti pou peye lwaye pou lokatè rezidansyèl yo pa Dekrè Egzekitif.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)